

## Avi piblikasyon enfòmasyon sou anyè Depatman Edikasyon

Chè Paran/Responsab, elèv aktyèl/ansyen:

Depatman Edikasyon vil Nouyòk (DOE) ap ede Depatman Sante (Department of Health and Mental Hygiene) kòmanse yon etid rechèch. Rechèch la se sou efè sante ak akademik katastwòf World Trade Center ki te rive an 11 septanm genyen. Etid la pral gen ladan elèv ki te lekòl pandan ak apre 11 septanm. DOE pral bay Depatman Sante enfòmasyon sou paran, responsab, ansyen elèv ak elèv aktyèl.

Lwa fanmi sou dwa nan edikasyon ak vi prive (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA) se yon lwa federal ki pwoteje vi prive ak konfidansyalite elèv. Lalwa pèmèt DOE pataje enfòmasyon ki nan anyè elèv la, ki gen ladan enfòmasyon ki pi ba a. **Ou gen yon chans pou di ou pa pa vle DOE pataje enfòmasyon w ki nan anyè a.**

**Enfòmasyon kiyès DOE pral pataje?** DOE pral pataje enfòmasyon sou elèv nan kèk domèn ki te lekòl nan moman 11 septanm 2001 oswa sa yo ki te nan lekòl nan ane 2006-2007. Domèn sa yo se:

- Lower Manhattan
- Upper West Side, Manhattan
- Northwest Brooklyn
- Sunset Park, Brooklyn
- Flushing, Queens

**Ki enfòmasyon nan anyè a y ap pataje?** DOE pral pataje:

- Non elèv, paran ak responsab
- Lyen paran/responsab avèk elèv
- Nimewo telefòn, imèl ak istwa sou adrès kay
- Sèks ak dat nesans elèv
- Si elèv la fèt nan Vil Nouyòk oswa nan eta Nouyòk
- Lang li pale ak ekri
- Nenpòt lekòl/enstitisyon akademik li te ye
- Peryòd tan li te la

**Kiyès ki pral resevwa enfòmasyon ki nan anyè a epi kòman yo pral itilize yo?** Depatman Sante pral resevwa enfòmasyon yo. Y ap anboche kontraktè pou ede Depatman Sante fè rechèch epi National Student Clearinghouse (NSC) ka resevwa enfòmasyon yo. Okenn lòt moun pa p gen aksè nan enfòmasyon yo. Kontraktè yo pral ede mete enfòmasyon sou moun pou kontakte yo ajou nan chèche divès dosye ki disponib pou yo. NSC ka ede mete enfòmasyon sou lekòl yo ajou sou elèv yo apre lekòl segondè. Depatman Sante pral itilize enfòmasyon yo pou kontakte moun pou konnen si yo vle fè pati rechèch la.

**Kòman y ap pwoteje enfòmasyon w yo?** DOE ak Depatman Sante pral gen konsantman alekri pou egzije sa yo ki resevwa enfòmasyon yo pou pwoteje yo ak mete yo ansekirite. Yo pa p pèmèt okenn moun vann, itilize, oswa pataje enfòmasyon yo pou okenn piblisite, rezon komèsyal eksepte pou rechèch la.

**Kisa ou bezwen fè?**

1. **Pa fè anyen:** Y ap pataje enfòmasyon ki nan anyè a sou oumenm ak pitit ou a avèk Depatman Sante.
2. **Ranpli fòm sa a si w pa vle** yo pataje enfòmasyon nan anyè a ki sou pitit ou a avèk Depatman Sante, epi voye l tounen 15 fevriye 2019 pou pi ta ba:

Attn: 9/11 Opt Outs Room 310  
New York City Department of Education  
52 Chambers St  
New York, NY 10007.

---

**MWEN PA VLE yo pataje enfòmasyon ki nan anyè a avèk Depatman Sante.**

Non elèv la:

Siyati elèv la:

---

Lekòl (lekòl aktyèl oswa dènye lekòl li te te):

Dat nesans ak nimewo ID elèv (si w konnen l)

---

Non Paran/Responsab (ekri byen klè):

Siyati—elèv ki gen laj 18 lane pou pi piti dwe siyen pou tèt yo:

---

Dat:

---

—Voye l tounen 15 fevriye 2019 pou pi ta si w pa vle yo pataje enfòmasyon ki nan anyè a sou oumenm oswa sou pitit ou a—